



KI MANJE MWEN KA JWENN NAN WIC?

WIC rann li pi fasil pou bay fanmi w manje ou santi ki bon pou lasante, ki gen bon gou. WIC bay manje ki bon pou lasante gratis, tankou:

- Manje pou tibebe
- Diri jòn
- Pwason nan bwat
- Sereyal
- Fwomaj
- Ariko/pwa sèk oswa nan bwat
- Ze
- Ji fwi
- Fwi ak legim
- Fòmil pou tibebe
- Lèt
- Manba
- Tòtiya
- Pen en gren antye ak pasta
- Tofou
- Yogourt

WIC Program genyen kounye a yon kat benefis elektwonik, ak yon WIC Aplikasyon disponib sou intenet la pou nou achete nan Walmart!



LOKAL WIC

Pou jwenn enfòmasyon sou WIC, rele **1-800-942-1007** oswa yon pwogram ki toupre w.

ZÒN BOSTON

Cambridge/Somerville	(617) 575-5330
Chelsea/Revere	(617) 887-4340
Dorchester North/Mattapan	(617) 825-8994
Dorchester South/South Boston	(617) 825-0805
East Boston	(617) 568-6440
Jamaica Plain/Brighton	(617) 983-6086
Roxbury/South End	(617) 989-3055
South Cove	(617) 521-6777

CAPE

Cape Cod	(508) 771-7896
Outer Cape	(508) 240-0853

CENTRAL

Framingham/Waltham	(508) 620-1445
SANT-NÒ	(978) 345-6272
SANT-SID	(508) 765-0139
Worcester	(508) 796-7000

NORTHEAST

Lawrence	(978) 681-4960
Lowell	(978) 454-6397
North Shore	(781) 599-7290
North Suburban	(781) 338-7578
Essex Nò	(978) 374-2191

SOUTHEAST

Brockton	(508) 588-8241
Fall River	(508) 679-9349
New Bedford	(508) 997-1500
Plymouth	(508) 747-4933
Quincy	(617) 376-8701
Taunton/Attleboro	(508) 823-6346

WESTERN/LWÈS

Berkshire Nò	(413) 447-3495
Berkshire Sid	(413) 528-0457
Franklin/Hampshire/No. Quabbin	(413) 376-1160
Holyoke/Chicopee	(413) 534-2460
Springfield Nò	(413) 737-8868
Springfield Sid	(413) 737-1100

Haitian Creole



WIC

**BON MANJE ak ANPIL
LÒT BENEFIS ANKÒ!**

www.mass.gov/wic



Form #147

Enstitisyon sa a se yon founisè opòtinité egalego.



KISA WIC LA YE?

WIC (Fanm, Tibebe ak Timoun) se yon pwogram nitrisyonèl ki ofri edikasyon sou nitrisyon ak lasante, manje ki bon pou lasante ak lòt sèvis gratis pou fanmi Massachusetts ki kalifye.

KISA WIC LA OFRI?

Objektif WIC la se pèmèt fanmi yo byen kòmanse. Pou fè sa, WIC bay:

- Konsiltasyon nitrisyonèL pèsonalize
- Manje ki bon pou lasante, gratis
- Konsèy pou byen manje pou amelyore sante w
- Rekòmandasyon pou swen medikal ak dantè, asirans sante, gadri pou timoun, ak asistans nan enèji, ak lòt sèvis ki ka benefisyé tout fanmi an

Men se pa tout! WIC ofri kou pou bay tete, sipò endividyalize pou bay tete, ansanm ak tès depistaj vaksinasyon ak referans. WIC ofri paran yo tou opòtinite pou yo pale ak lòt paran konsènan nitrisyon ak lòt sijè sante ki enpòtan pou fanmi yo.

POU KI MOUN WIC YE?

WIC se pou tout kalite fanmi: marye ak monoparantal, ap travay oswa pap travay. Si w se yon papa, manman, gran paran, paran akèy oswa lòt gadyen legal yon timoun ki poko gen 5 an, ou ka aplike pou WIC pou pitit ou a.

Ou ka patisipe nan WIC si ou:

- Ap viv nan Massachusetts
- Genyen yon bezwen nitrisyonèl (pèsonèl WIC la ka ede w detèmine sa)
- Ou ansent, w ap bay tete, oswa yon timoun ki poko gen 5 an
- Genyen yon revni fanmi ki pi piti pase direktiv WIC yo

Ou otomatikman kalifye pou WIC si w ap resevwa TAFDC, SNAP oswa MassHealth. (Manm MassHealth ki gen Asistans pou Fanmi oswa pwoteksyon CommonHealth pa kalifye sou baz revni otomatikman.) Timoun nan swen akèy ki poko gen laj 5 an kalifye otomatikman pou WIC.

GID KALIFIKASYON BAZE SOU REVNI 2025

FWAYER	ANYÈL	MANSYÈL	CHAK DE SEMÈN	CHAK SEMÈN
1	\$28,953	\$2,413	\$1,114	\$557
2	\$39,128	\$3,261	\$1,505	\$753
3	\$49,303	\$4,109	\$1,897	\$949
4	\$59,478	\$4,957	\$2,288	\$1,144
5	\$69,653	\$5,805	\$2,679	\$1,340
6	\$79,828	\$6,653	\$3,071	\$1,536
7	\$90,003	\$7,501	\$3,462	\$1,731
8	\$100,178	\$8,349	\$3,853	\$1,927



ÈSKE GASON KAPAB PATISIPE NAN WIC?

WIC akeyi gason! WIC rekonèt wòl enpòtan ke papa, granparan, bèl paran, ak lòt gadyen yo jwe nan pran swen timoun yo. Nou ankoraje papa yo ak lòt moun ki responsab pou timoun ki poko gen 5 an pou yo enskri epi mennen timoun yo nan randevou, ale nan atelye sou nitrisyon ak lasante, epi itilize WIC nan makèt yo.

KIJAN M KA APLIKE POU WIC?

Li posib pou kòmanse yon aplikasyon pou WIC anliy nan vizite www.mass.gov/wic oswa paj Facebook Mass WIC la, [@MassWIC](#). Fanmi ki enterese yo ka klike sou ‘Apply for WIC’ epi soumèt kèk enfòmasyon debaz pou kòmanse aplikasyon yo a. Oswa ou ka kontakte Pwogram WIC nan kominate w la pou pran yon randevou oswa rele **1-800-942-1007**. Anpil biwo WIC louvri nan aswè ak samdi, konsa ou pa oblige manke lekòl oswa travay. Vizit san randevou yo toujou byenvini!

